

INAMA

NKENGUZAMATEKA

Adresse : Av. du Peuple  
Murundi  
B.P. : 114 Gitega  
Tél : (+257) 22 40 50 08  
22 40 50 23  
Site Web : [www.senat.bi](http://www.senat.bi)  
e-mail : [info@senat.bi](mailto:info@senat.bi)

N. Réf : SNB/ COM.IV/..../2023

*Commission permanente  
chargée des questions sociales,  
de la jeunesse, des sports et de  
la culture*

SENAT



Gitega, le 6. 1. 2023

A Son Excellence Très Honorable  
Président du Sénat  
à

Objet : Transmission d'un rapport

Gitega

Excellence Très Honorable Président,

J'ai l'honneur de vous transmettre en annexe à la présente, le rapport d'analyse par la commission permanente chargée des questions sociales, de la jeunesse, des sports et de la culture , saisie au fond, du **projet de loi n°1/... du .../.../2023 portant modification de la loi n°1/014 du 29 novembre 2002 portant réforme du statut de la profession d'avocat.**

Vous en souhaitant bonne réception, je vous prie d'agréer, Excellence Très Honorable Président, l'assurance de ma très haute considération.

**POUR LA COMMISSION PERMANENTE CHARGEÉE DES  
QUESTIONS SOCIALES, DE LA JEUNESSE, DES SPORTS ET  
DE LA CULTURE ;**

Sénateur Ferdinand NDAYISAVYE, Président.

## NKENGUZAMATEKA

Adresse : Avenue du Peuple  
Murundi  
B.P. : 114 Gitega  
Tél : (+257) 22 40 50 23  
22 40 50 08

Site Web: [www.senat.bi](http://www.senat.bi)  
e-mail : [info@senat.bi](mailto:info@senat.bi)  
N.Réf. : SNB/COM IV/.../2023



LEG VI/RAP N°96

LE 06 JUIN 2023

*Commission permanente chargée des questions sociales, de la jeunesse, des sports et de la Culture*

**ICEGERANYO C'UMWIHWEZO W'UMURWI WAMAHO UJEJWE IBIBAZO  
VY'IMIBANO, URWARUKA, INKINO N'IMICO KAMA KU NTEGURO Y'IBWIRIZWA  
RYEREKEYE ISUBIRWAMWO RY'IBWIRIZWA N°1/014 RYO KU WA 29  
MUNYONYO 2002 RIJANYE N'AMATEGEKO AGENGA UMWUGA  
W'ABASHINGWAMANZA**

### I. INTANGAMARARA

Kw'igenekerezo rya 6 Ruhensi 2023, abakenguzamateka bagize umurwi wamaho ujejwe ibibazo vy'imibano, urwaruka, inkino n'imico kama barakoranye kugirabihweze integuro y'ibwirizwa rihejeje kuvugwa aho hejuru.

Muri ivyo bikorwa, Reta y'Uburundi yari yaserukiwe n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo ubutungane, kugira ngo atange umuco ku mvo n'imvano y'iryo bwirizwa.

Mu kwihweza iyo nteguro y'ibwirizwa, abakenguzamateka bakoresheje inyandiko zikurikira :

- Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi ;
- ibwirizwa inomero 1/014 ryo ku wa 29 Munyonyo 2002 rijanye n'hindurwa ry' ibwirizwa rigenga umwuga w'umushingwamanza;

- integuro y'bwirizwa ryarungitswe na Reta n'imvo n'imvano zaryo ;
- integuro y'ryo bwirizwa yemejwe n'Inama Nshingamateka.

Iki cegeranyo kigizwe n'ibice bikurikira:

1. intangamarara ;
2. inyungu y'yi nteguro y'bwirizwa ;
3. ibiri mu nteguro y'bwirizwa ;
4. ibibazo vyabajije uwaserukiye Reta n'nyishu zatanzwe ;
5. impinyanyuro;
6. Ugusozenza.

## **II. INYUNGU Y'IYI NTEGURO Y'IBWIRIZWA**

Umwuga w'umushingwamanza mu Burundi ugengwa n'bwirizwa inomero 1/014 ryo kuwa 29 Munyonyo 2002 ryerekeye ihindurwa ry'itegeko rigenga umwuga w'umushingwamanza. Inyuma y'imyaka 20, iryo bwirizwa ntirikijanye n'ibihe nya none.

Iri bwirizwa rishasha rije gutorera inyishu ibibazo bikuru bikuru biri mu mwuga w'abashingwamanza mu gushiraho ibwirizwa rijanye n'ibihe hisunzwe ibi bikurikira:

- guha akaryo ko gukora umwuga w'ubushingwamanza abahejeje igisata c'amategeko mu makaminuza y' Uburundi mu ndinganizo nshasha ya BMD (Baccalauréat, Master et Doctorat) kubera yuko amategeko yahahora atabibarekurira ;
- gutsimbataza ubutungane mu gutanga inyigisho ku bashingwamanza kugira bagire ubumenyi buhagije kandi bame bisunga ubuntu;
- gushiraho urwego rukuriye izindi nzego kugira ngo ruje hagati mu gihe hokwaduka amatati hagati y'imirwi itandukanye y'abashingwamanza (barreaux);
- kwishira no kwizana kw'abashingwamanza ku mbibe hisunzwe iyinjira ry'Uburundi mw'ishirahamwe ry'ibihugu biri mu karere ka Afrika y'Ubuseruko hamwe no mu yandi mashirahamwe y'utundi turere.



### **III. IBIRI MU NTEGURO Y'IBWIRIZWA**

Iyi nteguro y'ibwirizwa igizwe n'ingingo 88 zegeranirijwe mu bice 4:

- ❖ igice ca mbere kivuga indinganizo y'umwuga w'abashingwamanza, kirimwo ingingo 35;
- ❖ igice ca kabiri cerekeye ivyo abashingwamanza barekuriwe n'ivyo basabwa , kigizwe n'ingingo 27;
- ❖ igice ca gatatu kiraba uko abashingwamanza bigenza kikaba kigizwe n'ingingo 21;
- ❖ igice ca kane ari na co ca nyuma kivuga indinganizo zisozera, ni ingingo 5.

### **IV. IBIBAZO VYABAJIJWE UWASERUKIYE RETA N'INYISHU ZATANZWE**

#### **IKIBAZO CA 1**

Mu ngingo ya 26 y'iri bwirizwa handitse ko umushingwamanza mushasha atarawkiza imyaka 2 mu kazi adashobora kuja kurangurira umwuga wiwe muri sentare ntahinyuzwa atari kumwe n'uwo basangije umwuga amaze kurenza iyo myaka.

**Nyakubahwa      Mushikiranganji,      mwodusigurira      igituma      uwo  
mushingwamanza atarawkiza imyaka 2 ata burenganzira afise bwo  
kwunganira uwo asanzwe afasha mu gihe aba yaranonosoye amategeko  
kandi mu gihe tuzi ko n'umwenegihugu twovuga ko ata bumenyi buhanitse  
mu vy'amategeko amusumvya asanzwe afise ubwo burenganzira bwo  
kuburanira muri iyo sentare ubwiwe?**

#### **INYISHU**

Umuntu wese ahejeje amashuri y'ibijanye n'ivy'amategeko (faculté de droit) kugira akore umwuga w'abacamanza canke w'abashingwamanza neza abanza kwimenyereza (stage). Umushingwamanza atarawkiza imyaka 2 yimenyereza haba hakiraho ibikimusoba mu bijanye:



- ✓ n'ingene imanza z'amatati zitohozwa, zikaburanishwa, zigacibwa zikongera zigakurikizwa ;
- ✓ n'ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, zikaburanishwa, zigacibwa zikongera zigakurikizwa ;
- ✓ n'imanza zifatiye ku budandaji (matière commerciale) ;
- ✓ n'imanza z'akazi (matière sociale) ;
- ✓ n'imanza z'abitwarira Reta (matière administrative).

Bisigura rero yuko kureka umushingwamanza ataraheza ikiringo co kwimenyereza ngo aje kwunganira umwenegihugu muri Sentare Ntahinyuzwa kwoba ari nk'o kumuroha. Kuko muri Sentare Ntahinyuzwa irimwo gasamburamanza ico bita « procédure » ikoresha ni iyindi uravye ingene bigenda mu zindi sentare ziyikukira. Ariko iri bwirizwa riraha umushingwamanza acimenyereza uburenganzira bwo kuja kuburanira muri Sentare Ntahinyuzwa ari kumwe n'uwamaze kumenyera ari kuri « Grand tableau » kugira amumenyereze, amwereke ingene bigenda kandi amukebure.

Ku rundi ruhande, naho umwenegihugu ata bumenyi buhanitse afise mu vy'amategeko asanzwe afise uburenganzira bwo kuburanira muri Sentare Ntahinyuzwa, kenshi aca ashaka kuja mw'ido n'ido ry'urubanza kandi bitemewe. Kenshi biramugora kuko Sentare Ntahinyuzwa igisata ca gasamburamanza yihweza gusa ko amategeko yarenzwe mw'iciro ry'urubanza. Ari co gituma, ku vy'ukuri, umuburanyi muri Sentare Ntahinyuzwa yotegerejwe kuba yunganirwa n'umushingwamanza asanzwe azi ivy'amategeko.

Vyumvikana rero ko kuja kwunganira no gufasha umwenegihugu muri Sentare Ntahinyuzwa utaraheza ikiringo co kwimenyereza ari nk'ukwemera ubuki utegeka. Umwenegihugu yohava atanga uburyo bwiwe ata kunguko azohava ahakura. Abashingwamanza bofasha muri Sentare Ntahinyuzwa boba ari abazi ingene bigenda ivy'imanza muri ico gisata.

## **IKIBAZO CA 2**

Iri bwirizwa riravuga, mu ngingo yaryo ya 51 agace ka 3, ko amasezerano y'agahembo aba atunganye iyo yateweko igikumu n'umushingwamanza hamwe n'uwo yunganira kandi ko mu gihe camatati umushingwamanza ari we atanga ivyemezo.

**Nyakwubahwa Mushikiranganji,**

- a) **nta gihe umushingwamanza ashobora guta mu rudubi uwo yunganira mu gihe aba abona neza ko adashobora gutsinda urubanza ariko agashima kumusesaguza kugira yironkere agahembo kandi yari gushobora gutanga impanuro yisunze ubumenyi mu vy'amategeko nkuko ashobora gutsindisha uwo yunganira yapfumbatishijwe ?**
- b) **Mu gihe bigaragaye, hari icoba gitegekanijwe kugira arenganure uwo afasha canke ahanwe ?**

## **INYISHU**

a) Iki kibazo kirimwo imyitwarariko 2 (deux problématiques).

- ❖ Umushingwamanza ata mu rudubi uwo yunganira mu gihe aba abona neza ko adashobora gutsinda urubanza ariko agashima kumusesaguza kugira yironkere agahembo kandi yari gushobora gutanga impanuro yisunze ubumenyi mu vy'amategeko ;
- ❖ umushingwamanza      ashobora      gutsindisha      uwo      yunganira      kubera      yapfumbatishijwe.

Ntawohakana ko mwene abo bashingwamanza bahari. Hari abatwarwa n'inyungu zabo bakemera kuburanira umuntu babona neza ko ata kuri afise aho kumuhanura; abandi



nabo bakarira amatama abiri baraba gusa ico bakuramwo batitayeho ivy'abo baburanira.

b) Mu gihe bigaragaye ko umushingwamanza afise ubwo bubegito bwavuzwe mu gace a) aba arenze indahiro iri mu ngingo ya 12 imusaba kugendera Ubuntu, "dignité", mu kazi ajejwe kandi agashobora guhanwa kubera atakwirikije akarangamutima k'umwuga.

Umuntu asomeye ingingo ya 46 na cane cane agace ka kabiri (alinéa 2) arabona neza ko urwego rurongoye abashingwamanza (Conseil de l'ordre) rufise umwitwarariko wo gukurikirana abashingwamanza kugira ntibaje mu vyo kurya ibiturire, "corruption", canke kurya ivyo batagenewe, "concussion".

Bisigura rero ko umushingwamanza yatirimutse kw'ibanga, uretse ko ashobora gukurikiranwa n'amategeko mpanavyaha, akazonatako akariha indishi uwo yaburanira azoba yononeye, ashobora no guhanwa hisunzwe ingingo ziri mu kigabane ca gatatu kivuga ivyerekeye "discipline" y'abashingwamanza " (Chapitre III. De la discipline des avocats").

Ico kigabane kirategekanya ko umushingwamanza ashobora guhagarikwa vy'imfata kibanza gushika ku mwaka (suspension pour une durée d'une année au plus) canke agafutwa burundu (radiation), ingingo ya 63.

**MENYA NEZA: Izo ngingo zifatwa na Conseil de l'ordre zungurizwa ubwa mbere muri Comité national des Barreaux, uwudashimye ingingo ya Comité akitura Sentare isubiramwo (Cour d'appel). Ingingo ifashwe na Cour d'appel ica iba ntabanduka.**



### **IKIBAZO CA 3**

Ingingo ya 85 ivuga ko itegeko ry'Umukuru w'igihugu ari ryo ritomora uko urwego rw'abashingwamanza rukukira sentare ntahinyuzwa rushingwa n'uko umuntu arujamwo.

**Nyakubahwa Mushikiranganji,**

- a) Ni igiki catumye rudashingwa gushika uno munsi ?**
- b) mwodutomorera akarusho urwo rwego ruzozana ko hariho urundi rwego rw'abashingamanza rusanzwe rufise uburenganzira bwo kuburanira muri Sentare ntahinyuzwa?**

### **INYISHU**

- a) Mu Burundi, urwego rw'abashingwamanza rwatanguranye abashingwamanza bari ku rushi. Rwagiye ruratera imbere ku buryo ubu hari igitigiri c'abashingwamanza gishimishije. Reta rero ntiyari kwiyumvira kugira integuro y'ibwirizwa ryotegekanya urwego rw'abashingwamanza barangurira umwuga muri Sentare ntahinyuzwa gusa (Barreau près la Cour Suprême), mu gihe n'abahari badakwiye. Ariko ubu turabona ko hageze yuko hari abashingwamanza bipfuza kugira urwego rw'abashingwamanza bakukira Sentare ntahinyuzwa ko birekuwe.  
Nkako, amategeko ajaho yisunga évolution de la société. Kubw'ivyo, abashingwamanza barakomeye, ntacobuza ko urwo rwego ruhaja.

- b) Hamwe hoba urwego rw'abashingwamanza baburanira gusa muri Sentare Ntahinyuzwa irimwo gasamburamanza vyogira akarusho gakomeye ku bijanye n'ingene amasentare matoyi yogenda arisunga intumbero yagiye iratangwa na Sentare ntahinyuzwa mu manza yaciye (Jurisprudence).

Kubera abashingwamanza bo kuri urwo rwego aba ari ab'agaciro, babwirizwa kurondera bidasanzwe ivyemezo vy'ivyo bashikiriza mu mburano zabo; baragira umwitwarariko wo kugira ico twokwita "recherches". Ivyo na vyo biratuma n'abacamanza bagira intambwe mu guca imanza neza, uretse ko hisungwa itegeko (loi) hariho ico twokwita "les principes généraux de droit universels" gifasha kugira hacibwe imanza zishingiye ku mategeko muri rusangi.

#### **IKIBAZO CA 4**

Mu ngingo ya 86 y'iri bwirizwa, handitse ko urutonde rw'urunani rw'abashingwamanza (tableau de l'ordre des avocats) rushingwa n'umurwi w'igihugu userukira inzego z'abashingwamanza (comité national des barreaux) wisunze igenekerezo umushingwamanza wese yatanguriyeko akazi.

**Nyakwubahwa mushikiranganji, mwoduha umuco ku kugene uwo murwi w'igihugu ari wo ushinga urutonde rw'urunani rw'abashingwamanza ku rwego rw'igihugu mu gihe tuzi ko inani z'abashingwamanza zikukira sentare zisubiramwo imanza zigenga kandi ata rwego rw'abashingwamanza ku rwego rw'igihugu rurabaho ?**

#### **INYISHU**

Uko ibintu vyifashe ubu muri urwo rwego rw'abashingwamanza, hariho « Barreau » y'i Gitega n'iyi Bujumbura. Ejo kumbure hazovuka iyindi nk'i Ngozi, Makamba canke Rumonge.

« Barreau » yose irafise urutonde rw'abashingwamanza bacimenyereza banditse kuri « Petit tableau » n'abandi babunyoye bari kuri « Grand tableau ».

Mu ntumbero y'uko izo « Barreaux » zose zihari ubu n'izizovuka zitokora mu kajagari nko mu gushinga amafaranga baka abo bunganira, twashimye gutegekanya muri rino bwirizwa urwego ruri hejuru rwitwa « Comité National des Barreaux » ; urwo na rwo

rukaba rugizwe n'abavuye muri « Conseil de l'Ordre ya Barreau imwe imwe (ingingo za 20 gushika ku ya 24).

Rero mu ntumbero yo gukinga amatati azoshika hagati y'abashingwamanza ubwabo canke hagati y'umushingwamanza n'uwo yunganira bizoba bikenewe ko urwo rwego (Comité national des Barreaux) ruba rufise urutonde rwose rw'abashingwamanza bo mu gihugu.

Bitayeko, urwo rwego ni rwo bungurizamwo amatati atatoreye inyishu muri Conseil de l'ordre ya barreau imwe imwe.

Na yo ingingo yafashwe na Comité national des Barreaux hakagira uwutayishima, aca yungururiza muri Sentare y'iungururizo (Cour d'appel).

Muri make, kuba « Comité national des Barreaux » izoba ifise urutonde rw'abashingwamanza bose uko bagiye barinjira, biri mu ntumbero nshasha yo kugira ico twokwita « encadrement des Barreaux » kugira abashingwamanza bakore bisunze akarangamutima.

## **IKIBAZO CA 5**

Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi, mu ngingo ya 5, riravuga ko ururimi rw'igihugu ari ikirundi. Rigatomora ko indimi zikoreswa mu ntwaro ari ikirundi n'izindi ndimi zishingwa n'ibwirizwa kandi ko amabwirizwa yose ategerezwa guhindurwa mu kirundi.

**Nyakubahwa Mushikiranganji, mwotubwira igituma iyo ngingo itama yubahirizwa dufatiye ku nteguro z'amabwirizwa Reta yama irungika mu Nama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka nkuko tubibona kuri iyi nteguro y'ibwirizwa ?**



## **INYISHU**

Ni vyo Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi, mu ngingo ya 5, riravuga ko amabwirizwa yose ategerezwa guhindurwa mu kirundi kandi iyo ntumbero Reta-Nkozi yaramaze kuyikorerako.

Kuri iyi nteguro y'Ibwirizwa, twomenyesha ko yihwejwe mu nama Nshikiranganji igihe hatari bwafatwe ingingo ntabanduka ko integuro z'amategeko zose zizohora zihwezwa ku nzego z'igihugu zitandukanye ari uko zamaze guhindurwa mu rurimi rw'ikirundi.

Ariko twogira ico dushikirije kuri iyo ngendo nshasha dufatiye ku vyo tumaze kubona. Mu gihe integuro y'Ibwirizwa iriko irihwezwa mu Nama Nshingamateka, hanyuma ikagira ico ihinduye mu nteguro yarungikiwe ivuye mu Nama Nshikiranganji, ikimaze kugaragara ni uko haca hahinyanyurwa gusa igice canditswe mu rurimi rw'igifaransa (version française), igice canditswe mu kirundi kikaguma uko. Ni nako mu Nama Nkenguzamateka babigenza.

Ingorane imaze gushika ni uko integuro y'ibwirizwa imaze guhera kwihiwezwa ku nzego zose, ica irungikirwa Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu kugira ngo aritereko igikumu ariko ca gice canditswe mu kirundi kitarahinyanyurwa ngo kiroranishwe n'impinyanyuro zakorewe igice canditswe mu rurimi rw'igifaransa. Ikibazo ni ingene ico kirundi cohinyanyurwa hamwe n'igisata cobikora.

## **IKIBAZO CA 6**

**Nyakwubahwa mushikiranganji,**

- a) mbega abashingwamanza boba bari mu bagize urwego  
rw'ubutungane ?
- b) Boba bafise ikiringo co gukukuruka?

### ***INYISHU***

a) Abashingwamanza ni abo bita "les auxiliaires de la justice" (ingingo ya 1 y'iri bwirizwa twazanye) co kimwe n'aba « notaires » canke abanditsi b'imanza (greffiers). Abo bose naho batajejwe guca imanza barafasha abacamanza mw'irangugwa ry'ibanga ryabo.

Muri make naho batari mu rwego rw'ubutungane barafise uruhara ntangere kugira ubutungane mu gihugu bugende neza.

b) Abashingwamanza barigenga (profession libérale) nk'uko ingingo ya kabiri y'iyi nteguro y'bwirizwa ibivuga. Nta kiringo gitegekanijwe co gukukuruka mu gihe umushingwamanza yumva agifise ubwenge n'ingonga vyo kurangura iryo banga (capacités intellectuelles et physiques).

Ariko nta cobuza ko vyumvikanyweko hoshobora gushingwa umwaka wo gukukuruka nkuko vyakozwe ku rwego rw'abashingwanzandiko.

### **V. IMPINYANYURO**

**Les amendements proposés ici sont tous des amendements de fonds**

N°	Matière amendée	Amendements proposés	Motivation
1	Au niveau des visas	Insérer un nouveau visa intitulé comme suit : <b>« Loi n° 1/07 du 29 octobre 2020 portant révision de la loi n° 1/22 du 30 décembre 2011 portant réorganisation de l'enseignement supérieur au Burundi ».</b>	Ajout nécessaire
		Ranger les visas en respectant la hiérarchie des normes	Respect des règles de la légistique
2	Article 12, alinéa 1	Ajouter au début du serment : « <b>Moi, Nom et prénom, ....</b> ». L'article devient : « <b>Tout avocat, avant d'entrer en fonction, l'avocat signataire,</b>	Rendre le serment complet

		<b>sur présentation du bâtonnier ou son délégué dument mandaté, doit, devant la Cour d'appel, prêter serment suivant : « Moi, nom et prénom, je jure de respecter la Constitution, d'obéir à la loi, d'exercer la défense et le conseil avec dignité, de ne rien dire ou publier de contraire aux règlements, aux bonnes mœurs, à la sûreté de l'Etat et à la paix publique et de ne jamais conseiller ou défendre aucune cause je ne croirais en mon âme et conscience ».</b>	
3	Article 16, alinéa 2, point 1°	Insérer le groupe de mots « <b>d'ordre</b> » entre les mots « <b>règlement</b> » et « <b>intérieur</b> ».  Le point 1° devient : « <b>arrêter ou de modifier les dispositions du règlement d'ordre intérieur de l'ordre</b> ».	Ajout nécessaire. Il s'agit du règlement d'ordre intérieur de l'ordre des avocats
4	Article 21, point 1°	Remplacer le mot « <b>barème</b> » par « <b>tarif</b> ».  Le point 1° devient : « <b>unifier et faire évoluer les règles et les usages de la profession d'avocat tel que le tarif indicatif des honoraires ;</b> »	Harmoniser avec l'article 51
5	Article 45	Insérer un nouveau article 45 intitulé comme suit : « <b>Tout avocat est assujetti à l'obligation de souscrire une assurance conformément au prescrit du code des assurances</b> ».  Changer la numérotation des articles suivants à partir de l'ancien article 45.	Ajout utile
6	Article 75 devenu 76, 2 <sup>ème</sup> ligne	Remplacer le groupe de mots « <b>d'au moins</b> » par le mot « <b>de</b> ».  L'article devient : « <b>L'avocat poursuivi disciplinairement doit être appelé et entendu devant le Conseil de l'ordre qui doit lui accorder un délai de huit jours pour se justifier.</b> »	Précision utile.

## **VI. GUSOZERA**

Iyi nteguro y'iri bwirizwa ije gutsimbataza ubutungane mu kuronsa umwuga w'abashingwamanza amategeko ajanye n'ibihe tugezemwo. Rije kandi guha akaryo ko gukora umwuga w'ubushingwamanza abahejeje igisata c'amategeko mu makaminuza yo mu Burundi mu ndinganizo nshasha ya BMD mu gihe amategeko yahahora atabibarekurira.

Kuri izo mvo zose rero, Umurwi wamaho ujejwe ibibazo vy'imibano, urwaruka, inkino n'imico kama wize iyi nteguro y'bwirizwa, ubanje kugira rwavo impinyanyuro zagizwe n'Inama Nshingamateka, usavye inama ya bose y'Inama Nkenguzamateka kwemeza iyi nteguro y'iri bwirizwa nkuko ishikirijwe.

**KUBW'UMURWI WAMAHO UJEJWE IBIBAZO  
VY'IMIBANO, URWARUKA, INKINO N'IMICO KAMA ;**

**Umukenguzamateka Ferdinand NDAYISAVYE,  
Umukuru w'Umurwi.**

